



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN
ABÒDAB KI KOUTE 51 MILYON DOLA NAN BRONX**

Tremont Residences pote 119 nouvo apatman abòdab nan West Farms, ki gen ladan 71 rezidans avèk sèvis sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Tremont Residences, yon devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 50.6 milyon dola nan zòn West Farms nan Bronx. Nouvo devlopman 119 apatman an ofri sèvis sou plas pou moun ki sanzabri ki bezwen sipò pou viv poukont yo.

"Finisman devlopman 119 inite sa a vle di plizyè douzèn rezidan ak fanmi nan Bronx pral gen yon kote ki an sekirite, ki estab pou yo rele lakay yo ak sèvis konplè yo bezwen pou yo pwospere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a konplete plan lojman 25 milya dola nou an ki non sèlman bay bon jan kalite lojman abòdab, men tou ki kreye kominote solid, dinamik ak fleksib".

Tremont Residences konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekkitab, ak estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Tremont Residences gen 95 apatman yon sèl pyès, 14 apatman ki gen yon chanmakouche, ak 10 apatman ki gen de chanmakouche ki abòdab pou fwaye k ap touche ant 30 ak 60 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Pwomotè yo, Camber Property Group ak Slate Property Group, te fè patenarya avèk Westhab, Inc. pou bay sèvis sipò sou plas pou 71 fanmi ke yo finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York ap administre. Sèvis yo enkli jesyon ka, preparasyon pou travay, plasman, retansyon, referans, ak sèvis sante mantal. Yo enkli tou sibvansyon pou lokasyon pou inite yo nan kad finansman Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ki soti nan Biwo Sante Mantal.

Yo te demoli yon bilding vid ki gen yon sèl etaj pou fè plas pou nouvo bilding 11 etaj la. Ekipman devlopman an gen ladan yon biwo sèvis sosyal pou rezidan yo, espas lwazi deyò ki tankou jaden, sekirite aplentan, yon sal kominotè 1,300 pye kare, sant egzèsis fizik, laboratwa òdinatè, sal lekti, depo bisiklèt, ak sal lesiv nan chak etaj.

Premye etaj la gen yon espas komèsyal 6,500 pye kare ke yon lòt antite posede ki disponib pou lwe kounye a. Pwojè a sitiye nan yon zòn ki gen plizyè itilizasyon, ki gen anpil transpò piblik, toupre enstalasyon medikal, lekòl, magazen, epi nan distans pou mache ale nan Pak Crotona ak Pak Bronx, Jaden Botanik, ak Inivèsite Fordham.

Tremont Residences satisfè Estanda Kominote Vèt Enterprise la yo epi li gen ladan aparèy Energy Star, pano solè, aparèy pou konsève dlo, ki gen fèb konpoze òganik volatil (VOC), ak fenèt ki kouvri. Izòlman ak revètman ak materyèl twati yo fèt pou yo efikas pou enèji.

Finansman Eta pou Tremont Residences enkli 8.4 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal, Kredi Enpo Federal pou Moun ki gen Revni Fèb ki pral jenere 17.3 milyon dola nan fon pwòp ak apeprè 20.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. OMH ap bay apeprè 1.8 milyon dola nan finansman anyèl ESSHI pou fonksyonman pou lojman sipò ak yon total 479,544 dola nan finansman sibvansyon pou devlopman pwogram lan.

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 1 milya dola pou kreye oswa prezève plis pase 7,500 apatman abòdab nan bilding pou plizyè fanmi yo nan Bronx.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Nouvo Tremont Residences 51 milyon dola ak 119 apatman abòdab li yo se prèv angajman kontinyèl eta a pou amelyore kalite lavi nan Bronx. Chak devlopman ke nou investi ladan atravè plan lojman Gouvènè Hochul fè reviv ak ranfòse katye yo epi bay nouvo opòtinite pou rezidan yo viv nan yon fason abòdab nan minisipalite yo rele lakay yo. Gras a patnè nou yo, Tremont Residences ofri sèvis sipò bay 71 moun ki pa fè fas ak sanzabri ankò epi ki pito sou wout pou yon avni ki pi estab ak gratifyan".

Ann Sullivan, Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "71 inite lojman sipò nan Tremont Residences pral bay yon kay akeyan, estabilite ak sekirite pou moun k ap viv ak maladi mantal. Anplis pou bay sèvis sante mantal, anplwaye ki fòmè yo pral ede rezidan yo jwenn ak kenbe travay, jere finans yo, konekte avèk gwoup sipò yo, epi kontinye edikasyon yo. An brèf, rezidan yo pral jwenn opòtinite pou yo viv lavi konplè ak pwodiktif nan kominote yo. OMH trè fyè pou l kreye patenarya avèk HCR epi pou l bay Tremont Residences sipò nou".

Senatè Luis R. Sepulveda te deklare, "Chak nouvo kay nan kominote Bronx nou an pote lajwa nan kè nou. Tremont Residences se pa sèlman lojman, se pa sèlman yon

building. Jodi a mwen te prezan nan seremoni inogirasyon an epi mwen tandè menm fraz la bò kote kèk nan rezidan yo, 'Kounye a mwen gen yon kay'. Antanke Senatè mwen ka eksplike tout sa pwosesis pou gen devlopman sa yo reprezante, mwen ka eksplike kijan li enpòtan ak kijan li chanje kominote nou yo pou pi bon, men pa gen pi bon eksplikasyon sou lajwa mwen ak enpak sa genyen sou lavi yon moun lè li di li gen yon kay. Mwen remèsye tout moun ki responsab pou fè rèv sa a tounen yon reyalyte, biwo gouvènman yo ak sektè prive a, epi sitou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la".

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Tremont Residences se yon premye egzanp sou kalite lojman nou bezwen plis nan vil sa a. Bay lojman pèmanan ak abòdab pou ansyen sanzabri yo se yon sekou vital ke pa gen ase moun ki gen aksè ak sa. Camber Property Group, Slate Property Group ak Westhab te kreye yon kominote enkwayab kote rezidan Tremont ka santi yo lakay yo. Kòm yon defansè pou lojman abòdab, mwen kwè fòtman ke yon kay, nan minisipalite nou an ak nan vil nou an, ta dwe yon nòm men pa yon privilèj".

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Chak Nouyòkè gen dwa pou jwenn yon lojman abòdab, bon jan kalite, ak an sekirite ki amelyore lavi yo epi ki bati kominote solid. Pandan n ap travay pou konbat kriz sanzabri nou an kounye a, mwen rekonesan dèske Tremont Residences pral ofri lojman sipò pou itilizasyon melanje, sèvis konplè, ak ekipman pou satisfè bezwen rezidan ki pi vilnerab nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Biwo Sante Mantal Eta New York, Camber Property Group, Slate Property Group, ak Westhab, Inc. pou angajman yo pran pou diminye ensekirite lojman nan minisipalite nou an".

Manm Konsèy Vil New York, Rafael Salamanca, te deklare, "Nan yon moman kote bezwen vil la pou lojman pèmanan pou moun ki te ansyen sanzabri yo te rive nan yon moman kritik, nouvo ke Tremont Residences pral ouvri pòt li pou Nouyòkè vilnerab yo ak fanmi ki gen ti revni yo resevwa bon akèy kominote a. Avèk inite yo k ap komèsyalize nan mwens pase 60 pousan AMI ak sèvis konplè pou rezidan sa yo ki bezwen èd siplemantè, Tremont Residences pral yon bon refij pou Nouyòkè yo. Mwen remèsye Camber Property Group, Slate Property Group ak Westhab, Inc., pou patenarya kontinyèl yo nan bati lojman abòdab ki diy pou moun ak fanmi sa yo ki plis bezwen li".

David Schwartz, Ko-Direktè State Property Group, te deklare, "Pou Nouyòkè yo pwospere, nou bezwen asire yo gen aksè nan bon jan kalite lojman abòdab yo merite ak sèvis sipò ak resous ki ka ede vwazen ki pi vilnerab nou yo reyisi. Tremont Residences se yon egzanp enpresyonan nan vizyon sa a. Nou apresye anpil Westhab, Camber Property Group, patnè gouvènman nou yo ak tout lidè lokal yo ki te ede fè nouvo kay ak sèvis sa yo tounen yon reyalyte. Nou rekonesan espesyalman pou nouvo rezidan Tremont Residences yo ki enkòpore tout sa ki fè Bronx se yon kominote dinamik, fleksib — byenvini lakay ou".

Rick Gropper, Direktè nan Camber Property Group, te deklare, "Tremont Residences se yon kolaborasyon remakab pwomotè ak founisè sèvis ki gen lespri sivik ki ofri lojman abòdab ki nesèsè anpil ak sèvis sipò konplè pou rezidan ki pi bezwen li yo", li te deklare. "Chak kwen vil nou an dwe fè pati solisyon kriz lojman an, epi mwen fyè dèske m te travay avèk Slate, Westhab, HCR, ofisyèl eli yo ak lòt moun ki gen enterè nan kominote a pou pote anpil nouvo kay abòdab nan Bronx".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Westhab, Inc., Richard Nightingale, te deklare, "Westhab fyè dèske li fè pati ekip devlopman Tremont Residences k ap livre 119 inite lojman pèmanan abòdab bon kalite nan kominote a, ki gen ladan 71 inite lojman sipò totalman entegre pou ansyen fanmi ki sanzabri yo. Westhab kontan anpil pou l ofri sèvis sipò kontinyèl bay lokatè yo pou asire ke tout rezidan nou yo pwospere nan lojman pèmanan".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418